

# Douz bagay pou ou menm ak fanmi w sonje nan **NENPÒT** sitiyasyon

**1** Nenpòt sa w di kapab sèvi kont ou

**2** Ou gen dwa pou gade silans



**3**

Si w vle gade silans, di sa byen fò oswa montre kat Konesans Sou Dwa w yo.

Get one on page 13!



**4** Toujou mache avèk idantifikasyon US ak kopi dokiman imigrasyon sou ou.

**5** Pa janm mache avèk fo dokiman oswa dokiman lòt peyi sou ou.

**6** Pa janm bay ofisye yo manti.

**7** Ou gen dwa pou pale avèk avoka w

**8**

Pa janm kouri le gen yon debakman oswa lè yon ofisye apwoche w.



**9**

Pa janm batay si yo arete w oswa mete w an gadavou.



**10**

Ou gen dwa refize siyen okenn papye pa anvan w pa pale avèk avoka w.



**11**

Si w nan men polis oswa an gadavou, pa diskite enfòmasyon sou estati imigrasyon oswa dosye kriminel ou avèk OKENN MOUN apa de avoka w.

**12**

Si yo fin entèwoje w oswa ou te nan yon pèkizisyon, ekri tout sa ki te pase an detay lè w santi an sekirite pou fè sa. Rakonte sa ba avoka w ak gwoup sipò w menm touswit.



## Lakay

- PA LOUVRI PÒT LA. Mande pou ID (gade atravè yon fenèt).
- Ofisye yo ka rantre sèlman avèk yon manda valab oswa avèk pèmisyon w.
- Mande pou w wè yon manda. Si li pa valab, mande ofisye a pou l ale.
- Si ofisye a rantre (ak oswa san yon manda valab) di ou pa konsanti. Di yo si w genyen timoun, granmoun oswa moun malad nan kay la.




## Lari/Epas piblik

- Pa kouri.
- Anvan w di anyen (tankou non w) mande “Èske m lib pou m ale?”
- Si wi, deplase dousman. Si non, pa deplase.
- Nan kèk eta, ou dwe bay non w.
- Si yo ap fouye w, rete kalm epi di konsa “mwen pa konsanti pou fouy sa a”



## Travay

- Ofisye yo ka rantre sèlman avèk yon manda valab oswa avèk pèmisyon patwon w.
- Gen yon plan ijans avèk yon kòlèg (gade paj 18).
- Si patwon w pa disponib oswa te bay pèmisyon pou ofisye yo rantre, konnen Kiyès ki pral pale ak ofisye yo. Moun sa a ta dwe mande pou idantifikasyon avèk yon manda.
- Si yo ta ap fouye w, rete kalm epi di konsa, ”mwen pa konsanti ak fouy sa a”



## Oto

- Mete machin nan a kote epi etenn li. Mete men w sou volan machin nan.
- Swiv tout enstriksyon ofisye yo epi bay lisans ou, papyè anrejistreman machin nan ak papyè prèv asirans. Pa bay fo dokiman oswa manti.
- Si ofisye a mande w pou fouye machin ou an, rete kalm epi di “Mwen pa konsanti pou yon fouy”



## Prizon/Polis

- Mande pou w telefòn avoka w oswa kontak ijans ou.
- Sèvi ak kat Konnen Dwa w yo. Sonje dwa w pou gade silans epi di ou pap siyen okenn papyè pa avan ou pale avèk avoka w.
- Mande yon kopi tout papyè avoka w soumèt bay jij la kòm pati dosye w.



## Sant Detansyon Imigrasyon

- Mande pou w telefòn avoka w oswa kontak ijans ou ak konsila a.
- Sèvi ak kat Konnen Dwa w yo. Sonje dwa w pou gade silans epi pou refize siyen okenn papyè pa avan ou pale avèk avoka w.
- Mande yon kopi tout papyè avoka w soumèt bay jij la kòm pati dosye w.
- Mande pou yo lage sou kosyon.